Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 27 (6488) 23 май 2016 с. Итни ШагIбан 1437 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИ

## ТIолгороссиялъул библиотекабазул къо

Щибаб соналъул 27 маялда Россиялда кIодо гьабула библиотекабазул къо. Библиотека ккола лъаялъул ва информациялъул къин гьечIеб ицц, гIелалъ гIелалъухъеги кьун, тарихги умумузул гIадаталги цIунулеб гъасито.

ТIоцебе гьеб къо чIезабуна 1795 соналъул 27 маялда Екатерина КIиабилелъ халкъияб, киназего гIаммаб тIахьазул рукъ рагьиялдалъун. 1995 соналдаса нахъе гьеб къо кIодо гьабулеб буго официалияб къагIидаялда. Библиотекабазул къо кIодо гьабула гIицIго гьеб гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гуребги, тIахьал рокьулев, цIалулев ва гьелъул къимат гьабулевщинав чияс.

Баркула районалъул библиотекабазул хIалтIухъабазда гьеб къо, гьарула щулияб сахлъи, хъизан рукъалда парахалъи, хIалтIулъ бергьенлъаби!

Биччанте гIакълудул иццухъе гIун бачIунеб гIелалда нух кIочонгутIизе ва библиотекабазул кIвар къойидаса къойиде цIикIкIине.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

## Инсан куцалеб тIехь

### Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIасан мажлис тIобитIана Гумбет районалда

**Дагъистаналъул муфтий, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIасан мажлис тIобитIана Гумбет районалъул МелъелтIа райцентралъул аслияб байданалда 2016 соналъул 15 маялда. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана кIиазаргоялдаса цIикIкIун чи. Бакълъулал гурелги, гьенире рачIун рукIана республикаялъул шагьараздаса ва росабалъа гьалбалги.**

Мажлисалда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель **СайгидахIмад АхIмадов,** «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** Дагъистаналъул муфтиясул заместителал **Магьди-хIажи Муталилов ва АхIмад-хIажи Кахаев**, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат **НурмухIамад ГIалиев,** «Чиркей ГЭСстрой» ОАОялъул генералияв директор **МухIидин МухIидинов**, СайидмухIамад-хIажи Абубакаровасул цIаралда бугеб фондалъул председатель **ХасмухIамад-хIажи Абубакаров**, Гумбет районалъул имам **ГIабдулагь-хIажи Закарикаев.** Тадбир байбихьана Къуръан цIалиялдасан.

ЖамгIият цебетIеялъе, гIадамазе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия щвеялъе «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалъул бугеб кIудияб кIвараlъул жидерго вагIзабазда ва кIалъаязда бицана Дагъистаналъул муфтиясул заместитель Магьди-хIажи Муталиловас ва АхIмад-хIажи Кахаевас, Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас, Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас, СагIид-афандил цIаралда бугеб Дагъистаналъул теологиялъул институталъул ректор **ГIабдулагь-хIажи Ацаев,** МугIрузул округалда ДУМДалъул дагIваталъул отделалъул нухмалъулев **ХIасан-хIажи МухIамадов,** МелъелтIа росдал имам Исрапил-хIажи ГIизраиловас ва цогидазги.




Нашидал ва исламияб диналъул темаялда кучIдул рикIкIана Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав артист **ХирамухIамад ХирамухIамадовас,** нашидал ахIулеб «Савтул ислам» къокъаялъ.

«Дагъистаналъул гIолохъаби» къурдул ансамблялъ бихьизабуна «АхIулгохI» абураб композиция. Маданиябгун спортивияб «Мурзатек» централъ хIадур гьарурал чуял ва байрахъалгун рекIарал рачIана райцентралъул байданалдасан.

Мажлис лъугIарабго, гьенир гIахьаллъаразе бикьана АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалъул (гIурус мацIалда бахъараб) кIиазаргоялдаса цIикIкIун экземпляр.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Хъулухъал гьарулеб централъул хIисабкьей

-2 гьум



ХъахIаб микки – сестра…

-2 гьум



ГIиязда унти баккиялъ, гьел гочинариялъе квалквалал ккана

-3 гьум



ЕГЭ кьолеб пункталъул халгьабуна

-3 гьум

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

# Хъулухъал гьарулеб централъул хІисабкьей

### ГІадамазул къваригІелал тІуралел руго

**16 маялда маданиябгун сахгьариялъул комплексалъул залалда тІобитІана Гумбет районалъул гьитІинаб предпринимательлъиялъул субъектазда ва бизнес гьабулезда гІемерфункциялъулаб централъ тІуралел хъулухъал кинал ругелали бичIчIинабулеб данделъи. Гьенир гІахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев, райадминистрациялъул бетІерасул заместителал, росабазул поселениязул бутІрул, райадминистрациялъул отделазул, учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулел.**

ГІемерфункциялъулаб централъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев **ГІумар МухІамадовас** бицана МФЦялъул филиалалда тІуразарулел пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъазул хІакъалъулъ. Хасаб тІадчІей гьабуна гьитІинаб предпринимательлъиялъул субъектазе гьарулел хъулухъазда. Абуна хІадурун бугин «МФЦ для бизнеса» абураб программа ва гьениб бихьизабун бугин предпринимателазе гьабулеб 114 батІияб хъулухъ, жалго жидедаго чІун хІалтІи гІуцІулел предпринимателазул хъвайхъвагІай гьабиялдасан байбихьун, хІукуматалъ гьезул рахъккеялъул батІи-батІиял къагІидабазде щвезегІан.

«Филиалалда гьарула хъулухъал росдал магІишаталъул нигІматал гІезарулезеги: овощал гІезари, консервал гьари цебетІезабиялъул, росдал магІишаталъул техника босиялъул, тайпадулаб гІи-боцІи гІезабиялъул хІукуматалъул рахъккеялда, гьитІинаб бизнесалъул субъектазе грантал щвеялъул ва цогидалги суалазда хурхун. ГІемерисел предпринимателазда лъалеб цин батуларо жидеего хІукуматалъ кьолел субсидиязул ва гьарулел бигьалъабазул хІакъалъулъ. МФЦялъул специалистаз хІаракат бахъизе ккола гьезие хІажатаб кумек гьабизе»,- ян абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Памятник, ицц къачІана, нухда къадал гьаруна

### Данухъ - рукІа-рахъин лъикІлъизабиялъул хІалтІаби

Гумбет районалъул «Село Данухъ» росдал поселениялъул администрациялъул бетІерасул заместительлъун **Хайрудин Пахрудинов** хІалтІулелдаса гІемер заман гьечІониги, гьесул хІаракаталдалъун гІумруялде рахъинарурал росдал гІадамазе пайдаяб хІалтІаби гІемерал руго. Росдал къватІазда рихъарал къадал гьаруна. БоцІи гьекъолел бакІазда русби лъуна, иццухъ бетон тІуна, лъим бачарал рогІрал къачІана. КІудияб ВатІаниялъул рагъда хваразул хІурматалда бараб памятникалъул тІутІун арал бакІал рохьана, гІодочІабаралда къанал ккуна. Гьанже гьеб лъикІго къачІан буго. Хайрудиница жиндицаго тІуразаруна памятник къачІаялъул аслиял хІалтІаби. Памятник къачІалаго хъахІ гьабизе, лажбар бахине кумекалъе рахъана Данухъ маданияб централъул хІалтІухъаби, библиотекарь **ХъистІаман Багъавдинова**. Росулъ гьарулел цогидал ишазулъги гьес жигараб гІахьаллъи гьабуна. Къокъго абуни, Данухъ гьес тангъалаб бакІ толеб гьечІо.

Ихдалил рекьуе трактор бачІинабиялъул, гІи-боцІуда гІухьби теялъул тІалаб-агъаз гьабуна. МагІарухъ рекьи ахиралде щвана. Тракторист **ХІамзат ТІалхІатовас** рекьи къокъаб болжалалда ва гІадамал разияб хІалалъ тІубазабуна.

Росдал гІадамал разилъиледухъ хІалтІи гІуцІиялъул жавабияб ишалде хадубккунги кІвар кьезе Аллагьас хІал кьеги Хайрудин Пахрудиновасе. Ниж цІакъ рази руго гьезул хІалтІудаса.

**ПатІимат ГІабдурахІманова,
Данухъ росдал маданияб централъул нухмалъулей**

БАЗАР КИН БУКІИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

# ГьитІинго къураб тарбия – ганчІида бикІараб накъищ

### «ГІолилал» тадбир

**Гумбет районалда 2016 соналъул 10-16 маялда тІобитІана «ГІолилал» абураб тадбир. Аслияб мурад гьеб тадбиралъул букІана лъималазда гьоркьор такъсириял ишал ккечІого ва гьединго административиял закон хвезабулел хІужаби риччачІого рукІиналъе гьабулеб хІалтІи нухда бачин. Жакъа къоялде Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалда гІолилазда гьоркьоб хІалтІи гьабулев иснспекторасул профилактикаялъулаб учеталда буго балугълъиялде бахинчІеб 5 лъимер. Цересел соназдe данделккун цІикІкІунел руго лъималазда гьоркьор такъсириял ишал.**

Гьел цІикІкІиналъеги аслияб гІилла ккола эбел-инсул лъималаздехун бугеб берцинлъи нахъе ккей ва тІалабагъаз гьечІолъи. Россиялъул Законалда рекъон эбел-инсуда тІадаблъун гьабун буго лъималазе букІине кколеб тарбия кьезе, гьединго цІалуе ва рукІа-рахъиналъе къваригІине шартІал гІуцІизе. Россиялъул Федералияб законалда (71-леб 28.04.2009 с.) ва гьединго Дагъистан Республикаялъул законалда (69-леб 18.11.2009 с.) рекъон эбел-эмен, ялъуни законалъ гьел тІалабал тІадлъурал гІадамал цадахъ гьечІого лъимал къаси 22 с. 00 мин. тІубаралдаса къватІахъ рукІине бегьуларо. Нагагь гьедин къватІир ратани гьезул жаваб кьолел чагІи РФялъул КоАПалда рекъон тамихІалде цІала. Лъималаз гьарулел квешлъабиги гІемерисел къаси мехалъ гьарула.

Районалъул киналго школазде щун жанисел ишазул отделалъул гІолилазда гьоркьоб хІалтІи гьабулев инспекторас ва росабазул участковияз цадахъ, лъималазда гьоркьоб гьабуна гІемераб бичIчIи кьеялъул хІалтІи ва цІалана лъималазе лекция.

Бищун лъималазда гьоркьоб дандчІвала цІогьалда хурхарал такъсирияamong ишал. Эбел-инсуца рокьоб мальизе ккела ва кІвар буссинабизе ккела лъималазе букІине кколеб тарбия кьеялде ва такъсирчилъи биччангутІиялде.

Лъимал руго нилъер букІинесеб, нилъеда бараб буго гьезул къисмат, тоге гьел кІвар кьечІого.

**МухІамад ХІусейнов,
Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул гІолилазда гьоркьоб хІалтІи гьабулев инспектор, полициялъул кІудияв лейтенант**

ТІИБ

# ХъахІаб микки – сестра...

### Гумбет районалъул поликлиникаялда – медсестрабазулгун дандчІвай

**12 маялда ТІолгодунялалъул медсестрабазул къо баркизе Гумбет районалъул поликлиникаялде рачІун рукІана МелъелтІа росдал маданияб централъул нухмалъулей ГІазра Халидова ва МелъелтІа росдал библиотекаялъул нухмалъулей Умижат Халидова.**



ГІазраица районалъул поликлиникаялъул медсестрабазда баркана гьезул махщалилаб байрам. Гьарана гьезие сахлъи, халатаб гІумру, гьабулеб ишалъулъ битІккей ва къуна ЦКДялъул рахъалдасан гьезие сайгъаталги. Медсестрабазда байрам баркун кІалъана Россиялъул гІадатияб маданиялъул Гумбеталъул централъул методист Бика ГІабдулхІалимова.

Ахиралда Гумбет районалъул поликлиникаялъул кІудияй медсестра ПатІимат АхІмадировалъ ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна ГІазра Халидовалъе ва Умижат Халидовалъе.

**ГІайшат Исламбиева**

ЖАМГІИЯЛ ТІАЛАБАЛ ТІУРАЛАГО

# МФЦялъул ва искусствоялъул школалъул цадахъаб хІаракат

**Гумбет районалда бугеб гІемерфункциялъулаб централъул филиалалде щвана районалъул лъималазул искусствоялъул школалъул нухмалъулев, ДРялъул культураялъул мустахІикъав хІалтІухъан ГІабдулмуслим ГІабдулмуслимов.**



Гумбет районалъул лъималазул искусствоялъул школалъе 2012 соналъ щвана нилъер республикаялъул президентасул грант ва диплом. Искусствоялъул школалъул «ГьитІинал магІарулал» къурдул ансамбль гІахьаллъана республикаялъулал конкурсазда ва мустахІикълъана батІи-батІиял дипломазе.

Филиалалъул нухмалъулев **ГІумар МухІамадовас** гьоболасул лъай-хъвай гьабуна МФЦялъул хІалтІулгун, пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал гьариялъул къагІидабазулгун, бицана «Цо гордухъан» хъулухъ МФЦялдаго тІубаялъул тІокІлъиялъул.

ГІабдулмуслимовас абуна МФЦялдасан батІи-батІиял хъулухъал тІуразе рес букІиналъул санагІалъи хасго хІалтІуда ругел гІадамазе бугин, гІемерфункциялъулаб централъул хІалтІухъаби къабул гьаруна лъималазул искусствоялъул школалъул лъагІалил хІисабкьеялъул концерталде ва лъималазул хІалтІабазул выставкаялде.

МФЦялъул хІалтІулгун лъай-хъвай гьабизе искусствоялъул школалъул киналго хІалтІухъабиги рачун вачІине вугилан абуна ГІабдулмуслимовас.

**«Гумбет» РИО**

# сенажалъул 120 тонна

Хасалоялде гІаммаб магІишаталъул боцІуе сенаж лъолеб буго Первомайское хъутаналда Щабдухъ росдал «Гьудуллъи» СПКялъ. 19 маялде хІадурун буго 120 ялдаса цІикІкІун тонна люцернаялъул сенаж. Гьеб хІадуриялда хІалтІулел руго механизаторал Щабдухъа **МухІидин Гьазилаев**, «Гумбетовская» МТСалдаса кумекалъе вачІарав **ГІалисултан МухІамадов.**

СПКялъул нухмалъулез ва механизаторaз кІвар буссинабун буго сенаж лъей къокъаб заманалда рагІалде бахъинабиялде.

**МухІамад ГІалиев**

# Эффективное использование земель

Администрация сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”» выделяет земельный участок в местности ЦІобода размером 10 тысяч квадратных метров с кадастровым номером 05:25:000035:741 в долгосрочную аренду сроком на 49 лет.

**Обращаться по телефону: 8963 - 404 -02 -29, Магомедову , Гаджимураду Насимагомедовичу, главе АПС «Сельсовет “Игалинский”».**

ЧІАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# ГІиязда унти баккиялъ, гьел гочинариялъе квалквалал ккана

### Гумбет районалъул ветуправлениялъул бетІерав тохтур, Дагъистаналъул мустахІикъав ветврач СайгидмухІамад ГІабдулкъадировгун гара-чІвари

**Гьал къоязда «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана Гумбет ветуправлениялъул бетІерав врач, Дагъистан Республикаялъул мустахІикъав ветврач СайгидмухІамад ГІабдулкъадировгун ва кьуна гьесие гІи-боцІуде рахунел унтабазда хурхун суалал.**

**– СайгидмухІамад, абулеб буго Дагъистаналда цоцо бакІазда гІи-боцІулъ унти баккун бугилан. Гьеб рахъалъ гьабсагІат нилъер районалда кинаб хІал бугеб? ГІи-боцІулъ гьеб тІибитІичІого букІиналъе кинал тадбирал гьарулел ругел?**

- БитІараб буго. Нилъер республикаялда гьарурал анализазул хІасилалда Лаваша, Карабудагъкент, Хасавюрт, Буйнакск районазда чІезабун буго боцІулъ вирусная диарея абулеб унти. Гьеб унти буго баккиги, тІибитІиги ва киналго хасияталъ ящуралда релъараб. Гьеб унти Гумбет районалъул магІишатазда баккун гьечІо ва хъвай-хъвагІайги гьечІо.

Унти тІибитІичІого букІиналъе гІоло районалъул гІи-боцІуда уколал гьарулел руго. ЦІакъго тІадчІей гьабулеб буго гочунеб гІи-боцІуда, гьединго



хъутабазул ракьалда бугеб гІи-боцІуда ва гІи гочунаго гьел аскІосан унел росабалъ. 17 маялде тІинчІги малъун 145605 гІияда ва 20356 боцІуда укол гьабуна. Хъутабаздаса гочине бугеб 43356 гІияе кІиабилеб нухалъги дару гьабуна. Хъаравуллъи гьабулеб буго районалде бачІунеб ва къватІибе унеб гІи-боцІуда ва продукциялда хадуб.

**- Гьел тадбирал тІоритІулаго захІмалъаби дандчІвалищ?**

- ЗахІмалъи дандчІвачІого букІинищха, амма кин бугониги районалъул гІадамаз ва гІи-боцІул бетІергьабаз, гьеб унти баккани, гьелъ кьезе бугеб зарал лъан, уколал гьарулаго кумек гьабулеб буго. Къан руго гІи-боцІи бича-хисулел базарал, республикаялде ва гьеб тун къватІибехун биччалеб гьечІо боцІи. КІудияб квалквал гьабулеб буго гІи гочиналъеги. КІиго нухалъ уколал гьаричІого гочине биччалеб гьечІо гІи. Гьел хІалтІаби гьарулаго бахъулеб буго гІемераб заман. Цебеги 5 чиясдасан гІуцІараб ветхІалтІухъабазул бригада (хъутаналда ругезда тІадеги) хІалтІана чанго къоялъ. 18 маялда цоги бригадаги ана хъутабазде кІиабилеб нухалдаги уколал гьаризе.

Хасавюрталъул ракьалда унти букІиналъ гІи гочунеб нух рехун букІана Костекалдасан Гъизилюрталде ва Казбекалъул ракьалдасан Дилималде. Гьеб букІана захІматаб иш. Гьенисан гІи гочине бихьизабун букІараб Казмааулалда гьеб унти баккана. Гьенисан гочине риччачІого цебе букІараб бакІалдасан, ай Хасавюрталъул ракьалдасан гочине буго гІи.

**- Дараби гІураб къадаралда ругищ? Гьел гІи-боцІухъабазищ ричун росулел, яги чІорогойищ?**

- Дараби, гІураб къадаралда руго. Гьел бетІергьабаз ричун росизе кколаро. Гьел гьарула чІорого. Вакцина буго багьа хирияб жо. ГІадамазда гьеб бичун босизе кІоларо. Гьединлъидал гьеб иш тІаде босун буго хІукуматалъ.

**- Унтул гІаламатал кинал ругел?**

- Унти тІаде лъазе бала 2-6 къо. Гьеб баккула батІибатІиял къагІидабазда. Гьаризе бегьула бачал, кьагІи ургьисаго унтарал. Унтаразде щола бидул рихел, унтула дабал, рахъуна пулал, чвахула кІал, чІвала чанахъал. Гьединго магІарзухъан ва кІалдисан чвахула хІацІу, унтула щанкІлал, берал, чангъалде гъоркье рехула гьор, бахуна температура. ГІи-боцІи хола унтул хІалалъ чорхолъа рухІ тІагІун. Гьединаб хІайван тІатани, лъикІаб буго чІван бухІизе.

Гьеб унти бахуна ратІлидасан, харидасан, лъедасан ва хІалтІизабулеб алаталдасан. Унтараб хІайваналъе гьаризе бегьула синтомицин, стрептомицин, неолицин, левомицетин дарабазул уколал ва кьезе бегьула таблеткаби. КІал чуризе бегьула марганецалъ. Гьедин гьабунигии, кидаго кумек гьабуларо цІакъго захІматго унтараб гІи-боцІуе. Гьединлъидал лъикІаб буго гьеб унти баккичІого букІиналъе тадбирал гьаруни, ай бича-хиси, гІи-боцІи бакІбакІазде гочин, щибаб къойил боцІулъ унтараб хІайван бугищан халгьаби, уколал гІужда гьари ва гь. ц.

Аллагьас нилъ цІунун таги гьеб унтудаса.

**Гара-чІвари гьабуна ГІайшат Исламбиевалъ**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦІУМУР

# ЕГЭ кьолеб пункталъул халгьабуна

**17 маялда Гумбет районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель АхІмад Сулайманов, районадминистрациялъул аппараталъул нухмалъулесул заместитель ГІабдурахІман Дайтмирзаев, лъайкьеялъул отделалъул специалистал Сурхай Сурхаев, МуртазагІали Валиев, гьединго Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул хІалтІухъаби МухІамад ХІусейнов ва НурмухІамад ХІажиев ун рукІана цогоял пачалихъиял экзаменал кьезе ругеб МелъелтІа гьоркьохъеб школалде.**

АхІмад Сулаймановас ва цадахъ рукІараз халгьабуна киналго аудиториязул. Гьенир хІадурлъиялъулал аслиял хІалтІаби тІуран ругеллъун рикІкІана. Халгьабулаго аслияб тІадчІей гьабуна школалда бухьеналъул алатазул бугеб хІалалда, жанисеб ва къватІисеб видео халгьабиялъул аппараталъул хІалтІул.

«ЕГЭ кьезе бугеб пункт хьезабун букІине ккола сотовияб бухьеналъул сигналал тІагІинарулел алатаздалъун, рачІинаре ккола экзаменазде мобильниял телефонал ва гьукъарал предметал ралагьулел рамкаби. ЕГЭ кьеялъул жавабчилъи гІицІго лъайкьеялъул отделалда гуребги тІаде ккола. Цадахъ рекъон хІалтІизе ккола ОМВДялъул, сахлъи цІуниялъул хІалтІухъаби ва цогидалги», - ян абуна АхІмад Сулаймановас.

**«Гумбет» РИО**

БЕРЕЖЕНОГО БОГ БЕРЕЖЕТ

# Осторожно : ящур!

### Минсельхоз и Комитет по ветеринарии РД ввели ограничения в перегоне овцепоголовья с зимних на летние пастбища

**К сведению глав администраций сельских поселений, собственников овцепоголовья перегоняемого с зимних на летние пастбища!**

В связи с осложнившейся эпизоотической ситуацией на территории Республики Дагестан введены определенные ограничения в перемещении и перегоне овцепоголовья с зимних на летние пастбища. Ограничения введены по решению Министерства сельского хозяйства и продовольствия РД и Комитета по ветеринарии

1. Изменен маршрут перегона овцепоголовья с зимних на летние пастбища на 2016 год (карты с маршрутом перегона овец прилагается).

2. К перегону допускается только овцепоголовье, прошедшее вакцинацию двукратно против ящура, прошедшее купку и обработку против гельментов.

3. Разрешается перевозка овце поголовья через Хасавюрт и Хасавюртовский район к местности «Аркабаш» на автотранспорте , только при получении двухразовой вакцинации против ящура, получившие укол против гельментов, не останавливаясь в пути следования.

4. Предполагается возмещение затрат по перевозке овец, при условии регистрации собственником овец, автомашины занятого перевозкой овец на ветеринарном посту, на перекрестке трассы Бабаюрт – Кизляр.

5. Поголовье не прошедшее купку, при выходе с места зимовки на трассу перегона, можно купать в государственных купочных ямах.

Купочный материал собственника овец, купочная яма и вода бесплатная, оплачивается только очистка купочной ванны.

Просьба ко всем собственникам овцепоголовья, перегоняемого с зимних на летние пастбища, соблюдать установленные правила, с целью недопущения переноса болезни на территорию района.

**Администрация МР «Гумбетовский район»**

ГІЕЛМУ – ХІИКМАТАЛЪУЛ ХІАЛБИХЬАРАЗЕ

# Мун кин вугев, мугІалим?

### ЧІиркъатІа школалда физикаялъул анкь

**32 сон буго Гьайирбег МухІамадов ЧІиркъатІа росдал школалда физикаялъул мугІалимлъун хІалтІулелдаса. Гьев вуго тІадегІанаб категориялъул учитель, Дагъистаналъул халкъияб лъайкьеялъул отличник, Россиялъул Федерациялъул лъайкьеялъул хІурматияв хІалтІухъан, захІматалъул ветеран, гьесие щун буго президентасул грант.**

Гьесул нухмалъиялда гьоркь, ЧІиркъатІа школалда тІобитІана физикаялъул анкь. Цебеккунго бахъараб планалда рекъон, анкьил щибаб къоялъе рихьизарун рукІана гьаризе ругел тадбирал. ГІуцІун букІана цІалдохъабазул кІиго команда «Эврика» ва «Квант», кІиябго командаялда гьоркьор унел рукІана физика гІелмуялдасан къецал. Щибаб командаялъ риччана газетал, гьаруна хІаял, физикаялъул борхалъуде абураб цІаралда гьоркь. «Щиб, кида ва киб?» ургъана жидецаго, кьуна физикаялъул приборазе баянал. Бергьана «Эврика» команда. Школалъул дирекциялъул рахъалдасан бергьараб командаялъе кьуна грамота, жигараб гІахьаллъи гьабурал цІалдохъабазеги кьуна сайгъатал. Жибго физикаялъул анкь лъималазе букІана сайгъатлъун, гьезул лъаялъул хІалбихьилъун.

**Исрапил Заирбегов**

ТІИБ

# Лъималазда аденоидал

**Щиб жо кколеб аденоид? Гьеб ккола жинца лъималазе ва умумузе лъикІаланго рахІатхвей бижизабулеб унтилъун. Аденоид – гьеб ккола магІарзул къалабаздагун мукъулукъалда гьан бижи, ай миндалинал, лъимадуе хІухьел цІазе захІмалъулеб унти.**

Аденоидал лъугьине кумек гьабула рахунел унтабаз ай гриппалъ, скарлатинаялъ, коралъ, дифтериялъ ва цадахъго байбихьула магІарзухъан хІухьел цІалел нухазда хроническияб унти. ЦІакъго яги гІемерисеб аденоидал рагъарула 6 сон бачІел лъималазул. 12-13 сон баралдаса гьел мухІканго дагьлъула ва гьезул гІей чІола. Аденоидаз, цогидал органаз гІадин, тІубазабула, унтабаздаса цІуниялъул функция, ай гьез лъималазул имунитет борхизабула амма аденоидал хроническияб къагІидаялъ унтун ругони, гьез инфекция багъаризабизе лъугьуна ва магІарзухъан хІухьел цІай тІубанго къотІизабизе бегьула. Гьел гІаламатаздасан бичІчІине ккола умумузда рахІатхвезабулеб бугищ лъимадул аденоидазан.

ТІоцебесеб гІаламат ккола лъимадуе хІухьел цІазе магІарзухъан захІмалъи ва мегІер чвахи. МагІарзухъан хІухьел цІалеб гьечІони, дагьлъула къаркъалаялъул органазул тканазе щолеб кислород.

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

ДОКУМЕНТЫ

## О бесплатном предоставлении сведений, содержащихся в Едином государственном реестре прав на недвижимое имущество и сделок сним, в соответствии с пунктом 2 статьи 8 Закона о регистрации.

**Орган, осуществляющий государственную регистрацию прав, бесплатно предоставляет сведения о зарегистрированных правах на объекты недвижимого имущества в органы по учету государственного и муниципального имущества в объеме, который необходим для работы указанных органов.**

В соответствии с законами Российской Федерации орган, осуществляющий государственную регистрацию прав, предоставляет бесплатно информацию о зарегистрированных правах на недвижимое имущество и сделках с ним по запросам:

- правоохранительных органов, судов, судебных приставов-исполнителей по находящимся в производстве уголовным и гражданским делам;

- федеральных органов исполнительной власти, их территориальных органов, государственных внебюджетных фондов, их территориальных органов, органов государственной власти субъектов Российской Федерации, органов местного самоуправления и многофункциональных центров;

- Уполномоченного при Президенте Российской Федерации по правам ребенка;

- Председателя Счетной палаты Российской Федерации, его заместителя и аудиторов Счетной палаты Российской Федерации;

- арбитражного управляющего в деле о банкротстве в отношении принадлежащих соответствующему должнику объектов недвижимого имущества;

- нотариуса в связи с совершаемыми нотариальными действиями;

- иных определенных федеральными законами органов и организаций.

**Хасавюртовский ММО управления Росреестра по РД**

## Информация Федеральной службы государственной регистрации кадастра и картографии (Росреестр)

**Сведения из ЕГРП являются общедоступными и открытыми. Они предоставляются любому лицу органом, выполняющим государственную регистрацию прав на недвижимое имущество, в объеме и за плату, установленные законодательством.**

**В настоящее время таким органом является** Федеральная служба государственной регистрации, кадастра и картографии (Росреестр). Ведение ЕГРП подразумевает проведение государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним.

До 2008 года Росреестр носил название Федеральной регистрационной службы. Он заменил собой ранее существовавшие Федеральное агентство геодезии и картографии и Федеральное агентство кадастра объектов недвижимости.

Росреестр выполняет работу по организации единой системы кадастрового учета недвижимости, поддержанию инфраструктуры пространственных данных РФ и государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним. Он помогает гражданам при регистрации прав на недвижимость, определении границ земельных участков и выполнении кадастровой оценки недвижимости.

Помимо ведения ЕГРП Росреестр осуществляет ведение:

Единого государственного реестра саморегулируемых организаций (ГРСО);

Государственного кадастра недвижимости (ГКН);

Государственного каталога географических названий;

Сводного государственного реестра арбитражных управляющих.

Государственный кадастр недвижимости содержит сведения об объектах недвижимого имущества, подтверждающих их существование. Для этого указываются характеристики, позволяющие определить недвижимость как индивидуальноопределенную вещь. В кадастр также вносятся иные сведения о недвижимости, в том числе и те, которые подтверждают прекращение ее существования.

В Росреестр поступают документы о постановке на кадастровый учет и запросы о выдаче информации из ГКН и ЕГРП. Для повышения качества оказания государственных услуг выполняется поэтапный переход на их предоставление в электронном виде. Росреестр отвечает за регулирование электронной очереди на предоставление данных услуг и за размещение в Интернете публичной кадастровой карты.

**Хасавюртовский межмуниципальный отдел Управления Росреестра по РД**

# Лъималазда аденоидал

**(Авал - лъабабилеб гьум.)** Лъимадул байбихьула гIилла гьечIого рахIатхвей, гьурмал кьер тIураб букIуна, гIемер гIодула, чIамучIлъула. КIал рагьун хIухьел цIаялъ гьоркьияб чанагъ берцинго гIун бачIунаро ва цабзазул дандеккей хисизе бегьула.

Аденоидал кIодолъарал лъималазул байбихьула гIундул унтизе, гIемерисеб мехалъ дагьлъизе бегьула гIундузул рагIин, ай гIинкьлъиялдацин хIинкъи букIине бегьула.

Гьединго халат бахъараб хIухьел цIай захIмалъани карапзул клеткаби гIеялъе квалквал гьабула. Ризго магIарзухъан чвахулеб лъамалъи къулчIиялъ, низам хвезабула кванирукьалъулгун бакьазул хIалтIул. Би дагьлъи, хIалакълъи гIадал унтаби раккизеги бегьула. Щибха гьабилеб? Нужецаго халкквн лъани, яги лъимералъ нужеде гIарз бахьани, магIарзухъан хIухьел цIазе захIмалъун бугин, бетIер рогьулеб бугин, рухI-хIал дагьлъи бугони, кваназе гьира гьечIого ругони, ине ккола участковияв педиатрасухъе яги консультация щвезе ЛОР-врачасухъе, хадубккунисеб халгьаби ва сахгьари кинаб букIине кколебали лъазе нахъ тIамуге. Сахал лъимал гIезари тIадаб иш буго умумузул, жиндир заманалда врачасде аскIоре унел ругони хIасил квешаб кколаро.Сахлъи умумузе ва лъималазе.

**ГIали ГIалиев, Гумбет райбольницаялъул ЛОР- врач**

ДОКУМЕНТЫ

# До переписи осталось 39 дней

**Один из основных принципов сельскохозяйственной переписи - конфиденциальность. Вся информация записывается со слов людей, никаких документов, подтверждающих владение имуществом, спрашивать нельзя. А данные потом обработают без указания фамилий и адресов хозяйств.**

Всю работу по подготовке и проведению Всероссийской сельскохозяйственной переписи-2016 координирует Росстат, включая организационное, техническое и материальное обеспечение. Подбором и обучением специалистов в нашей республике займется Дагестанстат. Полевой уровень - это уже опрос населения, непосредственное дело переписчиков, инструкторов. Всех их обучат методике проведения переписи, работе на планшетном компьютере, застрахуют от несчастных случаев, расскажут, как выходить из кризисных ситуаций. Нагрузка предполагается немалая, за полтора месяца переписчик должен обойти 460 личных подсобных хозяйств. Специалистов будет видно сразу - им выдадут синие портфели, козырьки и жилеты с надписью «Росстат» и эмблемой переписи. А еще у них должны быть удостоверения, которые нужно предъявить, прежде чем начать опрос. Всероссийская сельскохозяйственная перепись-2016 пройдет под девизом «Село в порядке - страна в достатке». Ее основная задача - собрать официальную статистическую информацию о состоянии и структуре сельского хозяйства, наличии и использовании его ресурсов. Объектами переписи станут юридические и физические лица, у которых есть земли сельхозназначения или имеется скот, а также дачные некоммерческие объединения.Проблема с дачными участками все еще остается. Они не обозначены номерами, не по всем участкам есть списки хозяев.

## Правовой час Всероссийской сельскохозяйственной переписи 2016 года

**Согласно Федеральному закону от 21 июня 2005 года № 108-ФЗ «О Всероссийской сельскохозяйственной переписи», участие в сельскохозяйственной переписи является обязательным для юридических лиц - индивидуальные предприниматели и коммерческие организации, а для физических лиц - личные подсобные хозяйства, некоммерческие объединения граждан - добровольным, или, как сказано в вышеназванном федеральном законе, это станет их «общественной обязанностью».**

Внимание! Эта информация для владельцев КФХ и ИП. Федеральным законом № 442-ФЗ от 30.12. 2015 г. внесены изменения в статью 13.19 Кодекса Российской Федерации об админийстративных правонарушениях, которые касаются размеров штрафов за уклонение от участия в сельскохозяйственной переписи 2016 года. Согласно документам, размеры штрафов:

для индивидуальных предпринимателей - от 10 до 20 тыс. руб.; для коммерческих организаций - от 20 до 70 тыс. руб.

При повторном отказе от участия в переписи размеры штрафов повышаются:

для индивидуальных предпринимателей - от 30 до 50 тыс. руб.;

для коммерческих организаций - от 100 до 150 тыс. руб.

Надеемся, данная информация поможет вам избежать штрафа и вместе с тем поучаствовать во Всероссийской сельскохозяйственной переписи 2016 г.! Глава Росстата Александр Суринов категорически отверг предположение, что данные переписи могут быть использованы для изъятия неиспользуемых земель. «Мы работаем со списками тех, кто землей пользуется, и для нас, конечно, важна земля, которая обрабатывается и что-то производит. Земля, на которой ничего не производится, с точки зрения сельскохозяйственной переписи, неинтересна», - заверил Суринов.

ЗИГАРА

Бакьулъ Гьарадирихъ росдал будун МухIамад-хIажи ГIабдурахIманов Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул гIагьбожаразда. Аллалагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе гIумруги кьеги.

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1382
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.